

**ÆРДХУАРДДЗИЙНАДÆЙ УÆЗЗАУДÆР УАРГЪ НÆЙЙЕС – ХÆССУН БА 'Й ФÆРАЗУЙ ХУАРЗ АДÆЙМАГ...**

***МÆРЗОЙТИ Сергей (1927-2008), Цæгат Иристони адæмон финсæг: «Кæд ескæмæй зæгъæн ес, фиди фарнæ мæрдтæмæ нæ рауагъта, уæд нæ хуарз хæлар Расул Гамзатовæй дæр. Æ фидæ Гамзат Цадаса нæ адæми номдзуд зартæгæнæг иссæй историон тумугъти æма нæуæг цардарæзти рæстæг. Æ фурт ин æ зар райста, берæ æнзти дæргъи къохидзагæй дзиллитæ æ кæдзос уодикондæй исæнтæсгæ æхсист кемæнтæй, базургин гъудитæй хайгин кæнгæй...»***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

**№34 (905) 2023 анзи 9 сентябрь – рухæни мæйæ**

**Аргъ 1 туман**


**РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ «ДИГОРÆ»**

**2023 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН. Æ РАФИНСУНИ АРГЪ АНЗИМБЕСÆН ÆЙ 344 СОМИ ÆМА 52 КЪАПЕККИ; УÆЛБАРТÆМÆ ГÆСГÆ БА – 305 СОМИ ÆМА 64 КЪАПЕККИ.**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА ПОСТХÆСГУТÆМÆ.**



***Расул ГАМЗАТОВ***

## ХЪУРРОЙТÆ

*Мæнмæ кæсуй хатгай, цума салдæттæ, –*
*Ка не 'сцудæй тогæйдзаг будуртæй,*
*Аци зæнхи не 'рхустæнцæ кæддæрти, –*
*Фал уорс хъурройтæ 'ссæнцæ æмбурдæй.*

*Еци дзамантæй етæ нури уæнгæ*
*Тæхунцæ 'ма дзорунцæ асæстæй,*
*Кæд уотæ арæх 'ма æнкъардæй, уомæ гæсгæ,*
*Мах нигъгъос уæн, уæлæрвтæмæ кæсгæй?*

*Абони, изæрмелтæбæл, хъурройтæ,*
*Уинун æз, куд тæхунцæ мегъи раст.*
*Адæм уогæй, будурти ма гъеууотæ*
*Етæ хаттæнцæ, не 'халгæй сæ баст.*

*Етæ æмраст тæхунцæ сæ даргъ надбæл,*
*Райгъусуй кедæр нæмттæ сæ хъуртæй,*
*Кæд уомæ гæсгæ хъурройтæн се 'взаг дæр*
*Æнгæс даруй авайрагмæ муртæй?*

*Тæхуй, тæхуй фæллад цорк арви мали,*
*Бони кæрони мегъи æй æ тахт.*
*Еу мингий цох дæр ес балæн æ хали,*
*Ка 'й зонуй, 'ма е ба æй мæн бунат!*

*Еу бон растдзæй, – хъурройбалæн æ хæццæ*
*Гъеуæхæн цъæх тари ранайдзæн æз дæр.*
*Маргъæй дзордзæн уæлæрвтæй*
*сумах нæмттæ, –*
*Ке уи ниууагътон зæнхæбæл кæддæр.*

***СКЪОДТАТИ Эльбруси тæлмац***



# НÆХЕ РАСУЛ

**Расул Гамзатови финст æмдзæвгæ æма уобæл Ян Френкели арæзт зар «Хъурройтæ» ку фегъосæн, уæд уайтæккæдæр нæ цæстити рази февзуруй, Гæздæнти æдзард тугъдон æнсувæремæн Дзиуаригъæуи ци номерæн циртдзæвæн æвæрд æй, е. Циртдзæвæни рази æрлæугæй адæймаги зæрдæбæл уайтæккæдæр æрбалæууй еци æмдзæвгæ-зар... Еци зар игъустгонд æй дуйней алли рауæнти дæр æма иссæй, Фидибæсти сæрбæлтау æ цард ка иснивонд кодта, уони уодрохсдзийнади æвдесæндзийнадæ. Махæн, нæ республики дзиллæн ба ма е иссæй Цæгат Иристони æма Дагестани 'хсæн æнгом хеуондзийнади æвдесæнгæнæг, Расул ба нæ адæмæн иссæй хуæдæнсувæри хузæн, уогæ æхуæдæг дæр æй ахид иской кæнидæ, Иристон ин æ райгурæн Дæгестани хузæн зæрдтагон ке æй, уой.**

**Советон доги дæр æма æбони дæр номдзуд авайраг поэт, публицист æма æхсæнадон архайæг Расул Гамзатовæн агъазиауæй кадæгонд цæуй. Уомæн ирд æвдесæн æй е дæр, æма нæ паддзахади разамонæг Владимир Путини сæрмагонд бардзурдæй аци анз Уæрæсей нимад æрцудæй куд Расул Гамзатови Анз. Фидибæсти 'рдигæй бæрзонд цитгингонд цудæй: æ рæстæги ин исаккаг кодтонцæ Социалистон Фæллойни Бæгъатæри ном, иссæй Ленинон æма берæ æндæр агъазиау премити лауреат, хуарзæнхæгонд æрцудæй паддзахади нимаддæр хуæрзеугутæй. Етæ ин цитгин куд нæ адтайуонцæ, фал ин уæлдай зæрдтагон ба адтæй Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл Паддзахадон премий лауреат ке иссæй (лæвæрд ин æрцудæй 2003 анзи). Уомæн æма ку зæгъæн, Иристон дессаги зæрдтагон уарзтæй уарзта, хонидæ 'й «устур поэттæ æма алæмæти тугъдонти бæстæ...» Уæлдай цæстиварди ба имæ Къоста адтæй: «Он – мой личный поэт, он – поэт моего народа! У каждого человека есть наследственная любовь и приобретенная любовь. Коста Хетагуров для меня – и то и другое. Я его знал почти с семнадцати лет. В 1939 году мой отец по зову Коста Хетагурова впервые был в Осетии. Отец влюбился в него, перевел стихи осетинского поэта на родной язык. Они пролетели над моим аварским аулом, и в моей сакле было тепло и светло от стихов Коста. Потом я сам был на юбилее Хетагурова. По его зову каждый раз бываю в Осетии. Это явление удивительное. Каждый народ имеет свой Эльбрус и свой Казбек в области поэзии. Коста – мост между ними и самая высокая гора, всеобщая гора...»**




**Еугур еци фæззелæнтæ зæрдæбæл даргæй, æхсæзæймаг сентябри Расул Гамзатови райгурдбæл сæдæ анзи ке исæнхæст æй, уой нæхецæн æнæмæнгæ исæнхæст кæнуйнаг ихæсбæл банимадтан, æма ин æ рохс ном æримисун, исцитгин æй кæнун, махмæ ин ци кадæ æма нимайундзийнадæ ес, уой нæ равгитæмæ гæсгæ алливæрсондæрæй бавдесун. Уомæ гæсгæ нæ газети абоникон номери æрмæгутæн сæ фулдæр уой фæдбæл æнцæ.**


**http://gazeta-digora.ru** **E-mail: gazeta-digora@inbox.ru**

***Нæ республики Хецауади иннæ анзи райдайæни еу адæймагæн мæйæмæ фæццæрунæн тæккæ минкъийдæр гъæугæ хæрзти бæрцæ еумæйагæй удзæнæй 13729 соми, (косунгъон адæмæн – 14965 соми, пенсиесгутæн – 11807 соми, сувæллæнттæн ба – 13331 соми). Еци æййивддзийнадæмæ гæсгæ фæффулдæр удзæнæй социалон феддонти бæрцæ дæр.***

## ÆНÆНЕЗДЗИЙНАДÆ ГЪÆУАЙКÆНУЙНАДÆ



Нæ республики идарддæр æнхæстгонд цæунцæ национ проект «Æнæнездзийнадæ гъæуай кæнуйнадæ»-мæ гæсгæ мадзæлттæ. Зæгъæн, нерæнгæ бал бантæстæй дæс цæугæ медицинон комплекси балхæнун. Уони фæрци бал гъæугæ лæггæдтæй агъазгонд æрцудæй 24290 адæймагемæн. Цæугæ медицинон кабинеттæ 800 фæццуди исаразтонцæ, бустæги минкъий адæм кæми цæруй, еци идарддзæф гъæутæмæ. Цæугæ медицинон комплекстæ куд косунцæ æма кæд кумæ рабалци кæнуйнаг æнцæ, уой базонæн ес нæ республики æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади сайти. Адæми æнæнездзийнади уавæр бæрæггонд цæуй лæвар, æцæг алкæмæн дæр æ хæццæ гъæуама уа æ паспорт æма æнæмæнгæ фæдзæхстади полис.

## АЙЙЕВАДÆ



Ирон театри азгъунст бундоронæй райаразуни туххæй курдиадæ лæвæрд æрцудæй Уæрæсей культури министрадæмæ. Нерæнгæ ба театр æ куст æнхæст кæнуй æ равгитæмæ гæсгæ. Æ 88-аг театралон сезон байгон кæндзæнæй 22 сентябри. Уодзæнæй си æхсæз нæуæг спектакли: «Дуудæс къелай» (И. Ильф æма Е. Петрови романмæ гæсгæ), «Овод» (Э.Л. Войничи романмæ гæсгæ), «Гæздæнти æнсувæртæ» (Кокайти Тотрадзи пьесæмæ гæсгæ), «Мамаша Кураж» (Бертольд Брехти пьесæмæ гæсгæ), «Сау лæппу» æма «Мæ зæрдæмæ ныккæс» (Айларти Асæхмæти пьеситæмæ гæсгæ). Арæзт ма 'рцæудзæнæнцæ Уатати Бимболат æма Хугати Сурени имисæн изæртæ æма Айларти Асæхмæти юбилейон изæр.

## НÆ МАДДÆЛОН ÆВЗАГ – НÆ ФАРНÆ




«Адæмти хæзна», зæгъгæ, сæрмагондæй ци мобилон гъазт арæзт æрцудæй, уой фæрци Уæрæсей алли адæмихæттити кæстæртæ зонгæ кæндзæнæнцæ сæ маддæлон æвзæгти хæццæ (æнцæ дæс æма инсæйемæй фулдæр). Гъазт исаразгутæ куд зæгъунцæ, утемæй е фæййагъаз уодзæнæй сувæллæнттæн айдагъ сæхе маддæлон æвзаг хуæздæр базонунæн нæ, фал иннæ адæмихæттити кæстæрти хæццæ кæрæдзей хуæздæр базонунæн æма кæрæдзей хæццæ лимæн рахастдзийнадтæ аразунæн дæр. Алли адæмихатт дæр гъазти æвдесуй, æ национ дарæс кæбæл ес, уæхæн хе персонажтæ. Гъазт иссерæн ес Google Play æма Apple Store-йи.

## ХАБÆРТТÆ. ЦАУТÆ.

Цæгат Иристони 24-26 ноябри арæзт æрцæудзæнæй форум «Иристони исонибон». Архайдзæнæнцæ си æригон амолгъонтæ, куд Уæрæсей регионтæй, утæ Иран, Бразили æма Еугонд Араббаг Эмираттæй. Форуми арæзт æрцæудзæнæй аллихузон мадзæлттæ: дискусситæ, инвестицион, уони хæццæ фæсевæдон проектти презентацитæ… Гъæуама си бафинсонцæ инвесторти хæццæ бадзурдтæ дæр.

* * *

**Цæгат Иристони разамунд еуæндæс миллион сомемæй балхæдтонцæ ахурадон æма аййевадон литературæ. Ахурадæ æма науки министрадæй куд игъосун кæнунцæ, утемæй æлхæд литератури хæццæ æнцæ скъолай размæ сувæллæнттæн дууæ мин киунуги, еумæйаг ахурадон косæндæнттæн ба – фондз минемæй фулдæр киунуги. Ирæфи райони ахургæнæндæнттæн æлхæд æрцудæй дуккаг къласæн дигорон æвзагбæл литературон фæрæзнитæ, 1-11 къластæн – ирон æвзаг æма литератури ахургæнæн киунугутæ.**

* * *

Цæгат Иристон уæлæнхасæн райсдзæнæй энергетикæ æма цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради объектти райарæзтæн 130 миллион соми. Уой туххæй бардзурд бафинста Уæрæсей Хецауади Сæрдар Михаил Мишустин. Æхца нисангонд æй цæрæнуатон-коммуналон хизæги куст фæххуæздæр кæнунæн æма ин региони æ лæггæдти феддонтæ экономикон æгъдауæй фæббундорондæр кæнунæн.

* * *

**Нæуæг ехин аренæ исаразтонцæ Дзæуæгигъæуи. Нуртæккæ ма азгъунсти цæунцæ листæг куститæ. Тагъд специалисттæ æрлæудзæнæнцæ сæйраг кусти сæргъи – ехæй идзаг кæндзæнæнцæ аренæ.**

**Медæгæй уодзæнæй дууæ ехбæлбурæн фæзи: еу – сæйраг, иннæ ба – тренировкитæн. Хоккейи нæуæг фæзуат дзуапп дæтдзæнæй бæрзонд æмвæзади домæнттæн, цæмæй си аразæн уа фæсевæдон лиги гъæзтитæ.**

* * *

Аци анзи авд мæйемæ, фари еци рæстæги хæццæ рабаргæй, Цæгат Иристони промышленнон кустади бæрцæ 10,6 процентти фæффулдæр æй.

Республики Промышленность æма инвестицити министради дзубандимæ гæсгæ, аци анзи январæй июльмæ, евгъуд анзи еци рæстæги хæццæ рабаргæй, региони хомагкосæг кустуæтти уагъд продукций бæрцæ рауадæй 17,8% фулдæр (уой хæццæ гæгъæди æма гæгъæдий дзаумæтти рауагъд рауадæй 5,3 хатти, уæледарæси рауагъд ба – 4,2 хатти фулдæр).

## АДÆМÆН АХСГИАГ СОЦИАЛОН ФАРСТАТÆ



# КЕДÆР ÆГУДЗÆГДЗИЙНÆДТИ ФУДÆЙ АДÆМ ЦÆМÆН ГЪЕЗÆМАРÆ КÆНОНЦÆ?..

Ацал-ауал анзей дæргъи дзурдæуй не 'хсæнадон транспорти лæгъуз кусти туххæй. Дзубандитæ бæргæ раст æма берæ фæуунцæ, фал уонæй гъуддаг æгириддæр нæ хуæздæр кæнуй. Нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** æрæги алликъуæреуон æмбурди æ радзубандий бабæй ниввардта фарста: адæмæн фулдæр хæттити сæ бон нæ фæууй сæ гъуддæгути фæдбæл афойнадæбæл фæццæун æхсæнадон транспорти æнæгъдау архайди фудæй:

– Хъæбæр берæ гъæститæ цæуй районти цæргутæй, адæм афойнадæбæл ке нæ бахъæртунцæ сæ косæн бунæттæмæ, байрæги кæнунцæ скъолати линейкитæмæ. Зæгъæн, Уæллаг Санибай цæргутæ гъаст кæнунцæ, зæронд автобус сæмæ ке цæуй, еудадзуг ке басæттуй, уомæй. Тарскийи цæргутæн ба сæ бон рацæун не 'ссæй, гъæуй сæ устурдæр автобустæ.

Аци æма ма берæ æндæр фарстатæ кæмæй арæзгæ 'нцæ, уонæн хъæбæр карзæй бафæдзахста, цæмæй циуавæрдæр уæлæнхасæн бардзурдтæмæ æнгъæлмæ ма кæсонцæ, фал архайуонцæ æхсæнадон транспорти кусти фæткæ гъæугæ хузи ниффедар кæнунбæл.

Уæлдай æргом раздахун гъæуй уомæ, цæмæй ахурдзау фæсевæдæн равгæ уа сæ ахургæнæндæнттæмæ афойнадæбæл хъæртунæн. Уой фæдбæл республики разамонæг загъта:

– Ахури нæуæг анз нæмæ ке райдæдта, уомæ гæсгæ бæлццæнтти бæрцæбæл бафтуйдзæнæнцæ скъоладзаутæ æма студенттæ. Аллибон сæумæй республики алли районтæй ахурмæ ка цæуй æма изæрæй сæхемæ ка 'здæхуй, еци студенттæн æхсæнадон транспорти кусти гъæдæ ахсгиаг исуй алли анз дæр. Адæм гъаст кæнунцæ: сæ бон афойнадæбæл рандæун нæй. Æхсæнадон транспорти куст гъæугæ уагæбæл исаразун гъæуй! Æркæсайтæ, циуавæр маршруттæ æма куд гъæуама косонцæ, цæмæй студенттæ сæ ахури бунæттæмæ афойнадæбæл хъæртонцæ. Уæдта сæ кусти фæткæ гъæуама айдагъ гæгъæдибæл финст ма уа, фал æнхæстгонд цæуа кæрæй-кæронмæ.

* * *

Аци гъуддаги фæдбæл унаффитæ куд æнхæстгонд æрцæудзæнæнцæ, уой рæстæг æвдесдзæнæй. Нур ба уой зæгъун гъæуй, æма Дзæуæгигъæуи администраци гъавуй сахари медæгæ косæг маршруткити куст исбæлвурд кæнун.

Маршруткити кусти фæдбæл берæ гъæститæ цæуй. Хецæн фирмити хецæуттæ сæ косгути архайдмæ гъæугæ еудадзугон цæстингас нæ дарунцæ, уæдта сæхе комкоммæ ихæстæ дæр, куд гъæуй, утæ не 'нхæст кæнунцæ.

Утæ, 10-аг маршрутæн («Иртранс») лæвæрд æрцудæй 65 маршрутон къарти, косгæ ба си кæнуй 18 хуæдтолги. Хуæздæр уавæри нæй 24-аг маршрут («Благовест»), 65 ралæвæрд къарти маршрутбæл косуй 24. Аци фирми 25-аг маршрутæн ци 43 къарти равардтонцæ, уонæй линимæ рацæуй айдагъдæр 21. Дзæуæгигъæуи 27-аг маршрутбæл 30 хуæдтолгемæй рацæуй айдагъдæр 9. Маршрутæн лæггадæ кæнунцæ компани «АлРус»-и шофертæ. Уомæ гæсгæ сæмæ дзæвгарæ рæстæг багъæуй æнгъæлмæ кæсун, сæумæй æма изæрæй сæбæл зинтæй фæууй исбадун.

– Æртæ къуæрей æмгъудмæ байархайдзинан уавæр бахузæнон кæнунбæл, косунмæ хонæн хе хуæдтолгити шоферти, иннетæн сæ нæхуæдтæ ратдзинан, – зæгъуй «АлРус»-и минæвар **Гуриати Альберт**.

Дзæуæгигъæуи администраций сæргълæууæги хуæдæййевæг **Дзоблати Зураб** куд зæгъуй, утемæй сахари транспорти нимæдзæ æма кълас цæудзæнæнцæ æййивд. Анзи кæронмæ кустуат «Владгортранс» райсдзæнæй астæуккаг къласи транспорти æртинсæй автобуси, уонæй ба аст æма инсæй исæмбалдæнцæ сæ бунатбæл. Уой фæрци фæззиндзæнæй равгæ бæлццæнттæн бал сæ фондз æма инсæй процентти ласунæн. Сентябри кæронмæ Дзæуæгигъæуи администраци исбæлвурд кæндзæнæй маршруткити куст, хуæдтолгитæ кæми нæ фагæ кæна, уоми игон кæндзæнæнцæ нæуæг маршруттæ.

Аци фарста нерæнгæ кæми куд лухгонд цæуй, уой фæдбæл Æрæдони администрацийæй куд игъосун кæнунцæ, утемæй Æрæдонæй Дзæуæгигъæумæ авдисæрæй ба майрæнбони уæнгæ ахурдзау фæсевæди ласдзæнæй сæрмагонд автобус. Билети аргъ си уодзæнæй дууæ хатти минкъийдæр – дæс æма инсæй соми. Автобус Дзæуæгигъæумæ ку исхъæрта, уæддæр идарддæр ба цæудзæнæй Хуæнхон паддзахадон аграрон университети, медицинон колледжи æма Цæгат Иристони медицинон академий уæнгæ. Зæгъун гъæуй уой дæр, æма иннæ районтæй Дзæуæгигъæуи ахургæнæндæнтти ка ахур кæнуй, еци фæсевæди сæ ахургæнæн рауæнтæмæ ласунæн гъæвунцæ уæхæн автобустæ радех кæнун мæ. Дзубанди дæр ибæл нæййес, е арфиаг гъуддаг æй æ хуæрзауодундзийнадæй.

* * *

Бæргæ, аци къабази гъуддæгутæ идарддæр дæр гъæугæ хузи арæзт ку цæуиуонцæ. Уомæн æма хъæбæр æнæраст уавæр æй, кедæр æгудзæгдзийнæдти фудæй æвуд адæм гъезæмарæ ку кæнонцæ, е…

**Рæсугъддзийнади Еугурдуйнеуон бон бæрæггонд цæуй 9 сентябри. Аци бæрæгбони медес, æвæдзи, æй адæймагæн айдагъ е 'ндагон бакасти нæ, фал æ уодикони федауцæбæл ауодун.**



Расул ГАМЗАТОВ æма ХЪÆБÆЛОТИ Билар Цæгат Иристони зундгонд адæймæгути хæццæ.

# Æ ИУАЗГУТÆЙ МАХ УÆЛДАЙ ЦИТГИНДÆР КОДТА

*Мæнæ уæлдæр ци къарæ уинетæ, уой хумæтæги нæ мухур кæнæн – Расул Гамзатов æма Хъæбæлоти Билар, æ рæстæги партий Цæгат Иристони фиццаг секретарь, кæрæдзей хуарз зудтонцæ, кæрæдзебæл æхцул адтæнцæ. Нæ республики адæмон поэт Дзасохти Музафер æ документалон уацау «Æнзти дæргъæн мæйтæ»-йи финсуй:*

*«Еу кæддæр мæмæ Хъæбæлоти Билар телефонæй æрбадзурдта:*

*– Музафер?*

*– Æз дæн Билар Емæзай фурт.*

*– Цæмæй мæ базудтай? – ниддес æй Билар.*

*– Дæ дзурди гъæдæ æнцон базонæн æй.*

*– Расул Гамзатови юбилей кæд бæрæг кæнунцæ?*

*Еци фæззæг Дæгестани адæмон поэт Расул Гамзатовбæл æнхæст кодта цуппаринсæй анзи æма ин е ’мдзæвгити æмбурдгонд ирон æвзагмæ тæлмацгондæй мухурмæ цæттæ кодта киунугути рауагъадæ «Ир». Æз дæр си цалдæр æмдзæвги ратæлмац кодтон, хабæртти хæццæ зонгæ адтæн æма Биларæн дзуапп раттунбæл нæ батухстæн.*

*– Махачкалай – æстæймаг сентябри, Мæскуй – нæудæсæймаги.*

*– Мæ зæрди имæ æй тел раттун æма дæмæ уой туххæй дзорун.*

*Билар мин, Гамзатови хæццæ куд лимæнæй цардæй, уой туххæй радзурдта цалдæр хабари. Сæ еу баст адтæй, Хъæбæлой-фуртæн биццеу ку райгурдæй, еци цауи хæццæ. Ку, дан, æй базудта, уæд мæмæ æрбарвиста уæхæн тел: «Арфæ дин кæнун, мæ кизгуттæн æнсувæр ке райгурдæй, уой туххæй!»*

*Расулæн кизгуттæ (æртæ) æндæр биццеу нæ адтæй æма ин Билари цийнæдзийнадæ æхцæуæн ке адтæй, уой равдиста зæрдæмæгъаргæ дзурдтæй…»*

*Аци хабар уомæ гæсгæ райимистан, æма Расул Гамзатов Иристон уоййасæбæл зæрдиагæй уарзта, æма, зæгъун æнгъезуй, æ райгурæн Дæгестани хузæн ин хъазар адтæй. Хуæнхти хузæн адтæнцæ нæ адæм дæр, хъæбæр берæ æрдхуæрдтæ ин адтæй мах адæми минæвæрттæй. Мадта махæй Дæгестанмæ ка бафтуйидæ æма Расули хæццæ ка исæмбæлидæ, етæ исуиуонцæ тæккæ цитгиндæр иуазгутæ. Раст гъе уой туххæй Дзасохти Музафер дæр, мæнæ ин абони ци æрмæг мухур кæнæн, уоми уой туххæй дзоруй.*



**ДЗАСОХТИ Музафер,**
Цæгат Иристони адæмон поэт

Михаил Юрийи фурт Лермонтови райгурдбæл 1964 анзи астинсæй анзи ке исæнхæст æй, уой фæдбæл уæд аллиухзон кадгин мадзæлттæ арæзт цудæй Советон Цæдеси берæ рауæнти.

Поэти юбилей кадгинæй исбæрæг кæнунбæл зæрдиагæй байархайдтонцæ Кавкази цæрæг адæмтæ еугурæйдæр. Фæстегæй нæ байзадæнцæ дæгестайнæгтæ дæр. Фæскомцæдеси Дæгестани обком æма республики финсгути Цæдес баунаффæ кодтонцæ Цæгат Кавкази Лермонтови кари поэтти Махачкаламæ æрбахонун. Æма нæ Цæгат Иристонæй уордæмæ рарвистонцæ æртемæй: Гаджити Геуæргий, Малити Васой æма мæн. 1964 анзи 4 октябри нæ изæр бахастан Дæгестани сæйраг сахармæ, иннæ иуазгути хузæн æрфусун кодтан иуазæгуати. Берæ рæстæг нæма рацудæй, уотæ, ци уати цардан, уой дуар кадæр æрбахуаста. «Медæмæ», зæгъгæ, ку загътан, уæд дуар байгон æй æма... æ медбилти ходгæй нæ уатмæ æрбахизтæй Расул Гамзатов. Номдзуд поэти æз уой размæ лæгæй-лæгмæ некæд фæууидтон, фал Гаджити Геуæргий хæццæ ба зонгæ адтæнцæ, æма кæрæдзебæл хъæбæр зæрдиагæй бацийнæ кодтонцæ. Базонгæ ’й мах хæццæ дæр. Фæстæдæр нин куд радзурдта, уотемæй «æгасцæуай» зæгъунмæ айдагъдæр мах делегацимæ æрбацудæй. Иуазгутæ ба адтæнцæ аллирауæнтæй: Къæсæг-Балхъарæй, Адыгейæй, Хъæрæсе-Черкесæй, Хъалмухъæй…

Кæд иуазгутæ мах адтан, уæддæр нæ уати ба Расулæй иуазæгдæр неке адтæй, æма уайтæкки фингæ æвæрунмæ февналдтан. Адтæй си, ке зæгъун æй гъæуй, хъæбæр ниуæзтæ дæр. Расулæн устур агувзи (арахъниуазæн агувзитæ иуазæгуати нæ разиндтæй) еу сикъай бæрцæ уруссаг арахъ ку рауагътан, уæд хатиркорæгау бакодта:

– Нуртæккæ нæ ниуазун, – уæдта ма æ загъдмæ бафтудта: – Ку нæ фæнниуазун, уæд ми силгоймæгтæ дæр ферони унцæ…

Дуккаг бон Махачкалай М. Горькийи номбæл театри М.Ю.Лермонтови юбилейи кадæн арæзт æрцудæй устур номерæн изæр... Уой хæццæ ба ма берæ зæрдæбæнтти, еци агъазиау литературон бæрæггæбони архайгутæн Дæгестани сахартæ æма гъæути цæрæг дзиллити хæццæ.

* * *

Дæгестанмæ дуккаг хатт дæр бабæй бафтудан еума агъазиау бæрæгбони рæстæг… «Хъурройтæ», зæгъгæ, еци зар кæддæри Советон Цæдеси ка нæ фегъуста, уæхæн адæймаг, æвæдзи, нæ разиндзæнæй. Музыкæ ин нифинста Ян Френкель, дзурдти автор ба ’й Расул Гамзатов. Дзубанди си цæуй, Райгурæн бæсти сæрбæлтау æ цард нивондæн ка ’рхаста, еци æдзард туґдонти уодрохсдзийнади туххæй. Зар адæми зæрдæмæ уоййасæбæл фæццудæй, æма æцæгæй еугурадæмон иссæй – зардтонцæ ’й бæрæгбæнтти, æ зæрдæскъæфæн муртæ изæлдæнцæ цитгин æма номерæни бæнтти дæр.

Фæстагмæ «Хъурройтæ» рахизтæнцæ зари арæнтæй æма алли рауæнти фæззиндтæнцæ циртдзæвæнти хузи. Тæккæ фиццаг уæхæн циртдзæвæн фæззиндтæй Иристони зæнхæбæл, Гæздæнти авд æнсуварей кадæн. Авд хъурройемæн уæлæрвтæмæ се ’носон балци ку райдæдта, уæд нæмæ иуазæгуати ’рбацудæй Расул Гамзатов дæр. Циртдзæвæн игон кæнгæй е берæ гъар зæрдтагон зæгъуйнæгтæ загъта Иристон æма æ адæми туххæй.

Цæйбæрцæдæр рæстæг ма рацудæй, æма зарæй рауадæй бæрæгбон – «Уорс хъурройтæ». Еухатт си æз дæр архайдтон. Иристонæй уордæмæ фæццудан Хостихъоти Зини хæццæ. Цалдæр боней дæргъи нин фембæлдтитæ адтæй поэзиуарзгути хæццæ, косгутæ æма зæнхкосгути хæццæ.

Нæ сæйраг балци адтæй Гунибмæ... Уоми арæзт бæрæгбони архайдта Расул дæр. Уордæмæ æрбатахтæй вертолети. Фæстæмæ цæугæй Иристони делегаций иуонгтæ, гъома, æз æма Зини байагурдтонцæ æма æ хæццæ вертолети фæттахтан.

Еци изæр нæ Расул æ хæдзарæмæ бахудта. Куд æй балæдæрдтан, уотемæй байагурдта, æ зæрдæмæ хæстæгдæр ка адтæй, уони, æма нин Зини хæццæ æхцæуæн куд нæ адтайдæ, мах дæр уони ’хсæн ке разиндтан, е.

Дессаги иуазæгуарзон фусунтæмæ бахаудтæн. Æ бийнойнаг Патимат ма нин фурбоцæй ци ракодтайдæ, уой нæбал зудта. Архайдта алкæмæн дæр балæггадæ кæнунбæл. Уомæй размæ дæр ин æ рæсугъддзийнади кой игъустон, фал уæхæн аййев æма хуæрзконд уодзæнæй, уой æнгъæл ба нæ адтæн. Уагæр ма ибæл æнзтæ ку нæ рацудайдæ, æртæ кизгей мадæ ку нæ адтайдæ!..

Æ кизгуттæй ин еуей зонгæ дæр кодтон. Зонгæ, зæгъгæ, Мæскумæ хæстæг финсгути исфæлдистадон хæдзарæ «Малеевкæ»-йи еци-еу рæстæги уолæфтан. Уоми хуæрæндони фингi уæлгъос бадтæн Башкирий адæмон поэт Мустай Карими хæццæ æма мин е загъта, мæ фарсмæ, дан, ци силгоймаг бадуй, е мæ лимæн Гамзатови кизгæ æй…

Расули хæдзари фингi уæлгъос бадгæй кувдтитæ куд нæ исахид адтайуонцæ!.. Уой размæ дæр зудтон, Максим Горькийи номбæл литературон институти Расул нæ зундгонд драматург Хубецти Райи хæццæ еумæ ке ахур кодтонцæ, уой. Æма фингi уæлгъос æ кой ку ракодта, уæд мин, æргом зæгъгæй, æхцæуæн адтæй…

Нæхемæ ку ’рбацудан, уобæл еуцæйбæрцæдæр рæстæг куд рацудæй, уотемæй Цæгат Иристони финсгути Цæдесмæ Расул Гамзатов æрбарвиста финстæг, арфитæ си кодта, Хостихъоти Зинæ æма Дзасохти Музаферæн, «Уорс хъурройтæ», зæгъгæ, бæрæгбони зæрдиагæй ке архайдтонцæ, уой туххæй…

Абони ба, Расул Гамзатови райгурдбæл сæдæ анзи ке ’нхæст кæнуй, уой фæдбæл мæ агъазиаудæр ихæсбæл нимайун æ рохс ном, æ удиконди дессаги кæдзосдзийнадæ æма адæймагуарзондзийнади туххæй зæгъун. Кæдимайди ба ин мæ зæгъуйнæгтæ дæр дзенети уодæнцойнæдæр рауæнмæ дуæрттæ игонгæнæг разинниуонцæ...



Расул ГАМЗАТОВ æ бийнонти хæццæ. Рагон ист къарæ.

Танкисти Бон Уæрæсей бæрæггонд цæуй 10 сентябри. Не ’мзæнхонтæй беретæ фескъуæлхтæнцæ нæ Фидибæсти танкон æфсæдти рæнгъити уогæй.

№33. 2023 анз.
9 сентябрь – рухæни мæйæ
ДИГОРÆ

***Расул ГАМЗАТОВ: «Адæймаги цæмæн гъæунцæ цæститæ, гъостæ æма æвзаг? Уой хæццæ лæгæн цæмæн ес цæститæ дууæ, гъостæ дæр дууæ, æвзаг ба еу? Е уой туххæй уотæ ’й, æма æвзаги кæронæй æнæууилдæй ци дзурд ратæхунмæ фæгъгъавуй, уой цæмæй афойнадæбæл фæууинонцæ цæститæ, фегъосонцæ гъостæ æма ’й бауорамонцæ.***



**Советон доги нæ литератури бæрзонддæр къæдзæхтæ: Сергей МИХАЛКОВ, Расул ГАМЗАТОВ æма ЦÆГÆРАТИ Максим.**

# Цæргæси бæрзæндтæ

***Расул ГАМЗАТОВÆН иристойнаг финсгутæ зæгъун æнгъезуй, æ зæрдтагон æрдхуæрдтæ адтæнцæ. Уæлдайдæр ба – ЦÆГÆРАТИ Максим. Дууæ курухон лæги кæрæдзебæл хуæдæнсувæрти хузæн æновуд адтæнцæ ... Уой туххæй Максим финста, æ рæстæги Расули туххæй ци æрмæгутæ бацæттæ кодта, уонæми. Уонæй кæцидæрти мухур кæнæн абони.***

Кадæ искæнун æнцон гъуддаг нæй... Адæм сæ еугур уой аккаг не ’сунцæ. Æ адæми рист, æ адæми зинтæ, сæ цийнæ, сæ базургин бæллецтæ æмгъудæй раздæр ке исуорс кæнунцæ, еске зиндзийнадæ æхе зинæй хъæбæрдæр ке зæрдæ фæссодзуй, еске гъигæбæл æхе гъигæй минкъийдæр ке зæрдæ нæ фæрресуй, æмбали цийнæдзийнадæбæл зæрдибунæй цийнæ кæнуни хъаурæ кæмæ разиннуй, айдагъ е исуй адæми аккаг.

Дæгестани бæрзонд хуæнхти гъæбеси берæ зартæгæнгутæ райгурдæй. Батырай æма Иржи Казак, Гамзат æма Абуталиб... Уонæй алкедæр æ фæсте ниууагъта дессаги зартæ. Бæрзондæй игъусунцæ абони дæр сæ зартæ.

Цард агоруй æхе зартæ. Æма абони идæрдтæбæл игъусунцæ Дæгестани нæуæг заргæнгути тухгин æма рæсугъд гъæлæстæ. Уони ’хсæн уæлдай зæллангдæрæй, уæлдай гъомусгиндæрæй азæлуй Расул Гамзатови гъæлæс.

Расул Гамзатов райгурдæй Хунзахи федармæ хæстæг, минкъий хуæнхаг гъæу Цадай, зундгонд зартæгæнæг Гамзати хæдзари.

Фиди фарнæ мæрдтæмæ нæ цæуй. Кæд Дæгестани хуæнхти еци рагон дзурди аккаг еске адтæй, уæд уонæн сæ ахсгиагдæртæй еу иссæй Расул. Æ зундгин, æ искурдиадæгин фиди фарнæ рæсугъдæй рахаста идарддæр, æ фиди зартæбæл Расул бафтудта æхе зæрдибун зартæ.

Фидæ æма фурт... Еу хæдзари дууæ зартæгæнæги. Уæдта цæхуæн зартæгæнгутæ! Сæ адæми кадæ æма ном минкъий хуæнхаг гъæуæй еугур дуйнемæ ка рахаста, уæхæн зартæгæнæги. Æ фиди ном хъæбæр цитгинæй нимайгæй Расул зæрдæй лæдæрдтæй уæхæн лæги фурт ун ибæл куд æнæрабаргæ устур ихæс æвæруй, уой, æма архайдта еци ихæс лæгигъæдгунæй хæссунбæл. Хумæтæги æ финстити дæр æма æ радзубандити алкæддæр не ’римисидæ Дæгестани адæмон поэт Абуталиб Гафурови курухон загъд: «Евгъуд бæнттæ дамбацайæй ка фехса, уомæн федæн æхе фехсдзæнæй дзармадзанæй». Æ хестæрти хуарз зунд, сæ тухгин уарзт æма знаги нихмæ карз фудæнхæдзийнадæ Расул цирагъæн райста æ царди вазуггин балций.

Зундгонд финсæг, Кавкази литератури хуæздæр æмбал Николай Тихонов æ имисуйнæгти финсуй, 1933 анзи Расули фидæ Гамзати хæццæ куд фембалдæй, уой туххæй. Берæ гъуддæгути фæдбæл фæдздзурдтонцæ, берæ сагъæссаг гъудитæбæл адтæй се ’ргом æма лæмбунæг дзубандий сæр.

– Фæззæронд дæн, – арф ниууолæфгæй загъта Гамзат, æма ракодта, æвæдзи, рагæй кæбæл сагъæс кодта, уæхæн хабар. – Æхсæрдæс æма дууинсæй анзи кæбæл фæццæуй, е биццеу нæбал фæууй. Æма еу гъуддагмæ мæ зæрдæ дзоруй... Уой ма мæ цæстæй ку фæууининæ, уæд мæхе амондгунбæл нимайинæ. Мæ фурт Расулбæл цæуй дæс анзи. Æз мæ цардæй нецæмæй гъаст кæнун. Райстон ахургонддзийнадæ. Мæ минкъийæй нурмæ финсун æмдзæвгитæ. Æз финстон талингæдзийнадæ, цард æндæр, æведауцæ хузи ка кодта, еци зианхæссæг æгъдæутти нихмæ... Фал нур æндæр рæстæг æй... Дæхуæдæг æй фæууидтай, хуæнхти нæуæг цард куд æрфедар æй, уой. Уартæ зæронд федари – скъола. Ке ма гъæуй еци федар? Скъола ба еугурей дæр гъæуй. Цард æнæгъæнæй дæр скъола исуодзæнæй. Нæбал уодзæнæй талингæ адæм, талингæ дзаман. Байзайдзæнæнцæ мæ фæсте мæ зартæ, фал сæ идарддæр ба ка рахæсдзæнæй?.. Ке зæгъун æй гъæуй, нæуæг доги зартæгæнæг!.. Мæн фæндуй, цæмæй еци зартæгæнæг уа мæ фурт, мæ минкъий Расул...

Æвæдзи, еци гъудий хæццæ берæ æнæхуссæг æхсæвтæ рарвиста зæронд зартæгæнæг. Æхсæз æма инсæй анзей размæ сæ мæнæн ба минкъий æндæр хузи радзурдта еци гъудитæ. Уæд цуппар æма инсæйанздзуд Расул ахур кодта Мæскуй, Литературон институти. Æ фиди райгурдбæл дæс æма æртинсæй анзи ку исæнхæст æй, уæд еци бæрæгбон айдагъ Дæгестан нæ бæрæг кодта, фал, зæгъун æнгъезуй, нæ æгæрон устур Советон бæстæ æнæгъæнæй дæр – уой фæдбæл арæзт цитгин мадзæлтти архайунмæ кæцæй ба не ’рбацудæнцæ иуазгутæ. Еугурей разæй æ фиди къæсмæ Мæскуйæй исхъæрдтæй Расул, мадта ма æндæр куд адтайдæ!

Мах – Гамзати иуазгутæ – адтан Хунзахи федари, æхсæвеуат кодтан Цадай гъæуи Гамзати райгурæн хæдзари. Дууæ бони æма дууæ ’хсæви иуазæгæй не ’сцох æй Гамзати хæдзарæ. Æма кæцæй, еума хатт æй зæгъун, нæ цудæнцæ иуазгутæ! Шамили федар Гунибæй райдайæ æма сауæнгæ идæрддаг гъæутæй дæр цудæнцæ æма цудæнцæ бæхбæл бадгутæ. Мах дес кодтан: куд хуарз арæхсуй уойбæрцæ иуазгутæн фингитæ æвæрунмæ Расули мадæ. Къæсхуртæарæзт, хуæдæфсармæ Хандулай. Уæдта ма ни ескæмæ тарæрфугæй ку ракастайдæ!..

Дуккаг бон ме ’мбæлттæй раздæр исистадтæн. Исхизтæн уæлхæдзарæмæ. Сæрдигон хори фиццаг тунтæ гъазтонцæ хуæнхти цъопбæл. Æнæнгъæлти мæ рази фæззиндтæй Гамзат.

Æнæ ходæй, даргъ хæдони. Куд базудтон, уотемæй е махæй раздæр исистадæй. Гамзат мин ракодта, гъæуи хуæдсæрмæ, рахаунæрвонг ци устур хонх лæудтæй, уой хабар.

– Хамирчой хонх æй хонæн, – е ’ргом хуæнхти ’рдæмæ

## РАСУЛ ГАМЗАТОВ: «ДÆ ФИДИ КЪАХНАД НИУУАДЗÆ ДÆ ФИДÆН. АГОРÆ ДÆХЕЦÆН ÆНДÆР, ДÆХЕ КЪАХНАД...»



**Расул Гамзатов берæ зæрдæмæдзæугæ уадзимистæ ниффинста – æ фидæ Гамзат Цадаса æма æ мадæ Гамзатова Хандулай Гайдарбекгаджий кизги туххæй. Уонæй мухур кæнæн æмдзæвгити цикл «Фиди хæццæ»-й еу скъуддзаг æма æ мади туххæй æмдзæвгæ.**

* * *

Æз мæ фыды фæсмæлæт нырмæ дæн къуырма:
Ацыд балцы мæ фыд, уый нæма ’рынцад мæры…
Мæн нæ уырны нырма, æз нæ зонын нырма, –
Ам нæ дунейы сидзæр лæппуйæ кæй цæрын.
Æз куы вæййын æддæ, уæд фæзыны мæнмæ:
Ды – нæхимæ, æнхъæлмæ кæсынæй фæлмæцыд…
Æз куы ’рцæуын йæ уæлвæд нæхимæ, хъæмæ,
Уæд фæзæгъын: мыййаг, кæд уый балцы нæ фæцыд?..
Æз фæлæууын æмыр: нæй хуыздæйраг фæрæз –
Ды нырма дæр дæ кусæн уынгæг къæсы дауыс,
Æмæ уайы мæ хъустыл дæ ныллæг хъæлæс, –
Ды дæхицæн дæ дзырды зæлаив фæлварыс…
Мæнæ раздæрау постхæссæг хойы нæ кау,
Уый сæумæцъæхæй раздæрау телтæ æрхæссы.
Гъемæ диссаг, – дæ номыл нæ хæссы лæгау
Иу тел, иу гæххæтт, афтæмæй уый та йæ хæс у!..
Æз мæ фыды фæсмæлæт нырмæ дæн къуырма:
Ацыд балцы мæ фыд, уый нæма ’рынцад мæры…
Мæн нæ уырны нырма, æз нæ зонын нырма, –
Ам нæ дунейы сидзæр лæппуйæ кæй цæрын!..

***НАФИЙЫ тæлмац***



раздахта, уотемæй дзурдта Гамзат. – Рагæй лæууй. Нæ синхаг гъæутæ нæмæ естæбæл ку фæххæран унцæ, уæд нæмæ уомæй февзедунцæ. Хамирчой хонх уæбæл ракæлæд, зæгъгæ. Исахур сæбæл ан. Хонх ракæлун ке нæ бакомдзæнæй, уой сауæнгæ гъæуккаг сувæллæнттæ дæр зонунцæ...

Расули туххæй дæр нæмæ еци сæумæ уæлхæдзари дзубанди рауадæй. Уæд е фиццаг къахдзæфтæ кодта литератури. Расулбæл мæтæ кодта еци сæумæ зæронд зартæгæнæг.

Еци сæумæ райдæдта Гамзати биййнонти хæццæ не 'мбалдзийнадæ.

Исæнхæст æй фиди бæллец – æ фурт иссæй нæуæг доги зартæгæнæг. Фидæн æ устурдæр амонд, æвæдзи, е адтæй, æма æхе цæститæй фæууидта æ фурти киунугæ, арази адтæй æ байзайæггагæй.

Ка 'й зонуй, е адтæй уалдзигон сæуми, кенæ сæрдигон ирд бони. Æ фурти фиццаг киунугæ æ къохи, уотемæй æ уæлхæдзарæ лæудтæй зæронд зартæгæнæг æма цæмæдесæй кастæй Хамирчой сæрмæ, æригон цæргæс æ базуртæ куд райтигъта, думги нихмæ куд нифсгунæй ниллæудтæй, уомæ. «Тæхæ, дæ фиццаг балцийæй барохс кодтай дæ фиди зæрдæ. Ма фæттæрсæ тумугътæй... Цæргæс бæрзæндти федауй!..» – дзурдта æхенимæр фидæ æма, ка 'й зонуй, æ цард–цæрæнбонти фиццаг хатт расæрфта, æ цæститæй ци æнæбари цийни цæстисугтæ æруадæнцæ, уони.

Е уотæ адтайдæ. Хуæнхти сæрмæ цæргæсæй хуæздæр неци федауй. Берæ æнзти фæсте Расул æхуæдæг хумæтæги нæ ниффинста: «Мæ критиктæ мæмæ берæ хæттити хастонцæ азум, ме 'мдзæвгити цæргæси кой ахид ке кæнун, уой туххæй. Фал ци киндæуа, кæд цæргæстæ иннæ уæларвон мæргътæй мæ зæрдæмæ хъæбæрдæр цæунцæ, уæд? Цæргæстæ идæрдти æма бæрзæндти тæхун уарзунцæ...»

Цæргæси бæрзæндтæ... Еци бæрзæндтæмæ æнцон исхезæн нæй. Цæргæси базуртæ, цæргæси зæрдæ æма си идардмæуинæг цæститæ гъæуй. Цæргæси тæхæнти айдагъдæр цæргæс фæттæхуй. Æ зæрдидзæбæхæн нæ, бæрзондæй уотид ракæсуни туххæй дæр нæ. Адæми нифс, адæми бæллецтæ, сæ бæрзонддзийнадæ цæмæй никки бæрзонддæр уонцæ, цæргæс, æвæдзи, уой туххæй уотæ бæрзонд исесуй æхе. Æ тæссаг балцимæ берæ фæццæттæ кæнуй æхе.

Расул дæр поэзий бæрзæндтæмæ еци-еу тахт не 'скодта. Берæ игъосун æй багъудæй адæми зундмæ, фиди фæдзæхститæмæ, ниййерæг мади авдæни зартæмæ. Нур дæр, æнзти фæд цæсгон дууердæмæ ку бахумæ кодта, æ æнзти бæрзæндæй ку ракастæй, уæд никки цæмæдесдæрæй, никки бæрзонддæрæй дзубанди кæнуй æ адæми гъæздуг æма æведуйгæ истори хæццæ, æ нæуæг балций агъоммæ æрлæууй æ фиди сорæти рази, байгъосуй ин æ баргин дзубандимæ æма бабæй нæуæгæй – бæрзæндтæ, тухгин æнкъарæнтæй финст зартæ.

Фал цæргæси бæрзæндтæй ма ес никки устурдæр бæрзæндтæ – Адæм. Етæ айдагъ Дæгестани хуæнхти нæ цæрунцæ. Уонæй федаунцæ хуæнхтæ, сахартæ, гъæутæ, будуртæ, денгизтæ. Расул дæр сæмæ уомæн бæллуй, æ карздæр соми дæр уони номæй, уомæн кæнуй.

Берæ ка фæууинуй, берæ дæр е зонуй. Берæ фæууидта, берæ бæститæмæ фæттæхидæ Расул. Америкæ, Инди, Кубæ, Япони, Европи паддзахæдтæ – кæмидæриддæр æрзилдæй, уоми аллирауæн дæр е адтæй нæ берæнацион литератури кадгиндæр минæвæрттæй еу.

Иристони цæргутæ хуарз зонунцæ æма берæ уарзунцæ Расули. Еу æма дууæ хатти е нæ исæмбалдæй нæ дзиллити хæццæ, æма, куд фæззæгъунцæ, цæсгонæй цæсгонмæ етæ нæ игъустонцæ уой зундæй арф æма дзурдæй циргъæвзаг дзубандимæ, еу хатт æма дууæ хатти нæ бацийнæ кодтонцæ æ уадзевзити æма публицистикон киунугутæбæл, багъæуаги ин æримисунцæ æ уадзимисаг зæгъдтитæ...

Расули туххæй ирон лæг сæрустурæй фæззæгъуй: «Æцæг лæгæй рацудтæ поэти зин надбæл. Ду исдæ æцæг адæмон зартæгæнæг æма ма дин берæ бантæсæд!..»

***2003 анз***

*Расул Гамзатовмæ иуазæгуати уогæй, Цæгæрати Максим уой хæдзари исæмбæлдзæнæй æ сабийдоги æрдхуард, номдзуд ирон инæлар Дзилихти Михали хæццæ (хеуæнттæ 'й уарзонæй Хайло худтонцæ). Не 'мзæнхон еу рæстæг куста Дæгестани æфсæддон комиссарæй æма Расули хæццæ синхæнттæ адтæнцæ.*

*Еци фембæлд Цæгæрайфурт уотæ имиста.*

## МАХАЧКАЛА. РАСУЛ ГАМЗАТОВИ ХÆДЗАРИ

Хайлой инæлари дарæси фиццаг хатт уæд фæууидтон. Сæрдæ æ тæккæ тæмæни ку адтæй, раст еци афони Махачкалай уогæй æ хæццæ исæмбалдтæн, æнгъæлдæн, Расулæн æ дæс æма дууинсæй анзей бæрæгбони. Сæумæй мæмæ кадæр иуазæгуати дуар æрбахуаста. Исистадтæн имæ. Кæсун æма Расули кæстæр æнсувæр Гаджи.

– Расул дæмæ дзоруй, – еци гъуддагхузæй загъта Гаджи.

– Кæми æй? – батухстæн æз.

– Нæхемæ... Æнгъæлмæ дæмæ кæсуй...

Нецибал загътон, мæхе рævдзæ кæнунмæ фæдтæн. Гаджий ма рафарстон:

– Уотæ раги...

Е бахудтæй:

– Махмæ хор раги искæсуй.

Иуазæгуати рази хуæдтолги фæббадтæн æма уайтæккæ Расулетæмæ балæудтан. Е тургъи нæ размæ фæцæй.

– Æз ба, зæгъун, кæд имæ нæ абæргутæй еске мæ разæй фæцæй... Гъæунгæмæ ракæсæ-ракæсæ кæнун... – мæ цонгбæл мин фæххуæстæй æма медæмæ бацудан. Уати бадтæй тумбулдзæсгон, бæзæрхуг нæлгоймаг.

– Косолапов, – загъта лæг мæ къох мин райсгæй.

– Зонун дæ, – дзуапп ин равардтон æз. – Мæ киунугæ мин ку уагътайтæ, уæд исæмбалдан...

– Киунугутæ нæмæ берæ цæуй, адæм дæр. Бахатир кæнæ, фал сæ еугурей... – батухстæй Расули иуазæг.

Раст адтæй. Аййевадон литератури рауагъдади хецау. Мæскуй киунугæуадзæн... Сæдæгай финсгутæ. Сæ еугурей куд бадардтайдæ æ зæрдæбæл.

Фæстæдæр куд базудтон, уотемæй Косолапов æ биййнойнаги хæццæ æртиккаг мæйæ цардæй Расулетæмæ. Е мин куд радзурдта, уотемæй ин рауагъдадæ цæттæ кодта æ уадзимисти æртæ томи.

Цалинмæ Расули биййнойнаг Патимат æма æ иуазæг силгоймаг фингæ рæвдзитæ кодтонцæ, уæдмæ æз уатæй синхæгти тургъæ 'рдæмæ ци къæразгæ адтæй, уой фарсмæ бацудтæн, кастæн, хæдзари дуккаг уæладзугæй тургъæмæ ци гъæдин асинттæ раурдуг кодтонцæ, уонæмæ. Тургъæ адтæй нарæг, æнæ еу бæласæ. Тургъæй асинтти 'хсæн ниллæг горен, тарбун къирæй цагъд Расули къæрæзгити хуæдбунмæ.

Æнæнгъæлæги асинттæбæл фиццаг фæззиндтæнцæ кедæр цулухътæ, æфсæддон хæлаф, уæдта нæлгоймаги гурæ. Астæуæй уæлæмæ – игон. Æ галеу усхъæбæл – хесæрфæн. Асинттæ æ къæхти буни хъис-хъис кодтонцæ.

– Хайло! – мæ фур цийнæй имæ къæразгæ ниххуастон.

Расул мæ уæлгъос æрбалæудтæй. Къæразгæ имæ хуайуй е дæр. Хайло сагъдæй райзадæй, уæдта нæмæ горени сæрти æрбакастæй. Расул имæ дзоруй.

– Михаил Бабуевич, медæмæ!..

Минкъий фæстæдæр Хайло фæззиндтæй еци æлвæстæй. Инæлари цини. Силгоймæгтæн арфæ ракодта, иуазæги къох райста, уæдта Расулæн уотæ бакодта:

– Ду мин хатир бакæнæ, Максим дæр иуазæг æй, – æма мæ æ гъæбеси рæуæг фелваста.

Финги уæлгъос æрбадтан. Уæхæн дзамани куд фæууй, уотæ дзубанди байеудагъ æй. Еу уæлдай дзурд не 'схаудтæй Хайлойæй. Еу æнаййев æвнæлд дæр нæ бакодта фингæмæ. Хуæрди фæсте тургъæмæ ку рацудан, уæд мин Косолапов аййевæй загъта:

– Дæ лимæн мæ зæрдæмæ фæццудæй. Æвæдзи, ездон биййнонти 'хсæн исгъомбæл æй.

– Гъо. Хумæтæг зæнхкосæги биййнонти 'хсæн.

– Æрдзæй, мади губунæй ке рахæссунцæ, уæхæн ездондзийнадæ, – цума мæнæн нæ, фал æхецæн дзурдта, уойййау ниллæг гъæлæсæй загъта Расули иуазæг.

Расул æма Хайло минкъий æндæдæр бæласи буни лæудтæнцæ. Расул цидæр дзурдта æма худтæнцæ.

– Расули исарази кодтон. Сумахмæ ба куд кæсуй, уæхæн хуарз хуæрди фæсте нæхе денгизи ку рауазал кæнианæ, уæд? – загъта Хайло. Дзуапмæ дæр нæбал бангъæлмæ кастæй, хуæдтолгæ 'рбакæнон, зæгъгæ, тургъи дуарæй рахизтæй.

Дууæ машинемæй рандæ ан денгизи билæмæ. Махачкалайæй Дербенти 'хсæн дессаги рауæн æрбунат кодтан. Хъаспий денгиз æ уолæнтæй гъазта. Æ билгæрæнтти борбун æзменсæ хормæ тæмæнтæ калдта.

– Куд æнцæ дæ хабæрттæ? Дагестанæн сæ нæуæг æфсæддон комиссар сæ зæрдæмæ фæццудæй? – денгизæй ку рахизтан æма гъар зменсæбæл нæхе ку æруагътан, уæд бафарстон Хайлой.

– Уомæн дин, æвæдзи, Расул хуæздæр дзуапп раттидæ, – ниууолæфтæй Хайло. – Æфсæддон гъуддаги æнцонæй неци ес. Балæдæрдзинан кæрæдзей.

– Æнæ Оляйæй æнкъард кæндзæнæ...

– Куд нæ. Уæлдайдæр сувæллæнттæ. Гæнæн нæййес, аци дууæ бони мин фатер ратдзæнæнцæ æма уæд...

– Хуæнхти нæма адтæ?

– Адтæн. Гуниби. Сауæнгæ ма Гурдзий арæнмæ дæр бахъæрттæн. Сулаки донæй дæр баниуазтон. Фæззилдтæн Шамили тохæн бунæттæбæл... Даргинаг гъæуи ма мин хъæма дæр балæвар кодтонцæ. Цæнхæ, кæрдзинæй нæ барæвдудтонцæ.

Хайло дзурдта æ хабæрттæ. Æдзинæг кастæй, денгизи уолæнти уорс финкæ зменсæбæл куд тадæй, уомæ. Еуцæйбæрцæдæр нецибал исдзурдта, æ гъудити ранигъулдæй.

### ДУЙНЕБÆЛ МАДИ ЗАРÆЙ ЗÆРДТАГОНДÆР ЗАР НÆЙЙЕС...

**МАДМÆ**

Æз лæппуйæ фыдуаг уыдтæн, «Ма кæн!»
Ничи уæндыд мæнæн зæгъын.
Ничи цыди нæ рæзты махæн
Сыхы лæппутæй – уыдзæн хыл.

Азты хъазгæ цыд… Æз дæр – хъазгæ.
Мурмæ никуы 'рдардтон хъысмæт.
Ныр мæ хъысмæтимæ дæ размæ
Æз фæцæуын, куы фæцæуын, уæд.

Абон – иумæ кæдæй-уæдæй мах дæр.
Къуымты ничи змæлы æндæр.
Æз дæ къухтæм мæ сæр æруагътон, –
Кæс, æнафон ысурс мæ сæр.

Тынг æнкъард у, зын у мæ удæн,
Дуне-адæмы хъомпалы дæн.
Царды 'нтæфы куы 'рхауыс æнудæй,
Уæд дæ дæлфæдтæм нæ феныс мæн.

Зилын зилдухы зылдæй, нæй мæ,
Нæй, дæ фарсмæ æрбадыны бон.
Зæрдæ хатт ныссæххæтт кæны: цæй-ма,
Цон, нанайы абæрæг кæнон.

Фæлæ ницы… Куыстытæ – бирæ,
Уырдæм ауайон, уый ма – æххæст…
Хыл нæ кæныс, нæ кæныс æртхъирæн,
Арф ныуулæфыс хатгай æрмæст.

***ХУЫГАТЫ Сергейы тæлмац***



*Расул ГАМЗАТОВ: «Дæгестан – ду мæ цæсгон дæ. Æз дæмæ нæ уадзун æвналун. Хуæнхаг адæм загъди рæстæг хебæлхуæцгæ 'нцæ. Берæ зæрдæкъахæн дзубандитæ фæккæндзæнæнцæ кæрæдземæн, фал хуæцунцæ сæхебæл. Уотæ фæууй, æфхуæрæн дзубандитæ айдагъдæр сæхемæ ку фæххаунцæ, уæд. Гъо, фал мадæ кенæ хуæри кадæ фæйййагайдтай – февналунцæ сæ хъæматæн.*

# «ФÆДЗÆХСУН УИН: НИЙЙЕРГУТÆБÆЛ ТУХСЕТÆ...»



Расул ГАМЗАТОВ. Æ финст æмдзæвгитæй мухур кæнæн еуцалдæр, нæ маддæлон æвзагмæ тæлмацгондæй.

## МАДДÆЛОН ÆВЗАГ

Фун алкæддæр лæги æфтауй десбæл.
Æз фæууидтон фун: мæ мæлæт мæмæ æрцудæй.
Мæ уод æз истон еу тæвдæ бони æмбесбæл
Дæгестани, нæмуг мæ реуи адтæй.

Хæлхæлæй уадæй хуæнхаг сауæдонæ мæ цорти.
Нæ гъудтæн неке, феронх кодтонцæ мæн…
Хуссун æнцад мæ райгурæн зæнхи дортæбæл
Æма – рæхги мæ мард сикъити уодзæнæй.

Цума мæлун æма мин неке зонуй
Ме 'сæвди хабар, – нæбал игъусуй мæ гъæр,
Æрмæст ниууасунцæ цæргæстæ бæрзондæй
Æма ниннæтунцæ хъуазтæ ба кæмидæр.

Æма кæуæг мæнбæл нæ зиннуй абони,
Æригонæй æдзард ке фæдтæн æз, –
Нæдæр мæ мадæ, нæдæр хæлар, нæ – уарзон,
Нæййес, нæййе, не 'гъусуй гъарæнги гъæлæс.

Гъе уотæ мардтæн, цардæй кодтон хецæн.
Æваст дин игъосун: Адæм мæмæ æмвахс
Æрбацæуунцæ æма кæунцæ сæхецæн
Раст ме 'взагбæл – авайрагау, – дзубанди.

Ку игъустон дзорун маддæлон æвзагбæл,
Уæд кодтон æз æгас, уолæфгæ – фагæ.
Уæд балæдæрдтæн: мæ хуасæгæнæг æй рагæй…
Ка? Дæсни? Дохтур? – маддæлон æвзаг!

Ес уæхæнттæ, сæ нези хай син райсуй
Кедæр æвзаг, – ду уонæй нæ дæ.
Æма кæд ме 'взаг фесæфдзæй исон,
Уæд абони æз мæлæтмæ дæн цæттæ.

**МÆРЗОЙТИ Сергейи тæлмац**

Фæлæ канд улæфын циу удæн! –
Уадз, хистæр намысыл тыхсой.
Уадз, мах куыд фыстам, уымæй уыдон
Бæрзонддæр сагъæстыл фыссой.

Цæсгом бæрзонд æгъдауæн сисæнт,
Æмæ сын зын куы уа, уæддæр
Рæстдзинад уарзæнт æмæ хизæнт,
Цыбырæй: махæй уæнт хуыздæр.

**ПЛИТЫ Грисы тæлмац**

## ЗАРÆГ

Тар æхсæвы дымгæ ниуы…
Рудзынг хостау… Цымæ чи у?
Уый уарын, ды нæ дæ.
Чидæр бавзæрста йæ тыхтæ,

Æмæ кæрты дуар ныттыгъта, –
Уый у дымгæ, ды нæ дæ.
Раздæхти йæ балцæй цотмæ,
Фыд æмæ сыл цинтæ кодта, –

Уый у уарын, ды нæ дæ.
Урс кæрцы фæзынд нæ баба,
Хæхтыл урс мит арф куыд бада, –
Уый у зымæг, ды нæ дæ.

Хъызт мæ судзы, судзы хур дæр, –
Цæссыгтæ нæ сысынц мурдæр, –
Басур сæ кæн, зарæг, ды.
Ацыд уалдзæг, ацыд сæрд дæр,

Фæлæ не схъомыл ис мæ зæрдæ.
Схъарм æй кæн æрмæстдæр ды.

**МАМСЫРАТЫ Дæбейы тæлмац**

## МАХÆЙ ХУЫЗДÆР

Лæгмæ хуыздæр цы ис бæллиццæй –
Фæкæнæм цардизæр йæ кой:
Цæмæй нæ байзæддаг нæхицæй
Хуыздæр, парахатдæр цæрой,

Æрдæг цин нæ – æххæст сæ цин уæд,
Сæ фæндтæ – мах фæндтæй хуыздæр,
Сæ уарзты уæд фылдæр лæгдзинад,
Куы уарзой махау тынг, уæддæр.

Æхсæв уæд адджындæр сæ фынæй
Фыдæлты бонцъæхон фынæй.
Сæ улæфт сабыр уæд тæлфынæй.
Куыд сабыр – назты къох бынæй.

## НÆ ХÆХХОН ФÆНДÆГТЫЛ

*(Зарæг)*

Нындзыг ысты хæхтæ сæ тызмæг фæлгæтты,
Дон донмæ ыскодта йæ тахт.
Нæ хæххон фæндæгтыл, нæ хæххон фæндæгтыл
Ызгъоры мæ хæдтулгæ тагъд.
Ныппака фæйнæрдæм мæ хæлары нымæт,
Йæ саулохыл уадау тæхы.
Фæндаг мын æвæстиатæй ратты мæ лымæн,
Салам ын зæрдæйæ зæгъын.
Мæ фæндаджы гæххæтт – мæ худы дыдагъы,
Мæ зæрдæйыл – бафтыди рох.
Мæ уарзон куы цæры хæххон хъæу Хунзахы,
Бæрзонд хæхты астæу – уæлхох.

Куыд тагъд кодтон иу бон нæ бынатмæ, афтæ
Мæ фæндаг ныссуйтæ, ныддаргъ
Æмæ дын фæстагмæ æнæнхъæл куы бафтин
Чысыл хъæуы цурмæ, йæ ном та – Хунзах.
Мæхи ма ныр абон æнæвгъау цы хæрын,
Кæд иугæр мæ хуыссæг фæлыгъд?
Æнæсæттон фидар чызгай йæхи 'нхъæлы,–
Æмæ йæм куы нæ ис ысдзырд.
Хæдтулгæйы, марадз-зæгъай, æмæ бады,
Йæхи дын кæд хизы мæнæй
Æмæ ма фæзæгъы: чызджы, дам, йæ рады
Фыццагау æскъæфæнтæ нæй.

**КОКАЙТЫ Тотрадзы тæлмац.**

* * *

Нæ мæ хъæуынц уæ дохтыр æмæ хос,
Ыстæй сымах – йæ мад ма 'гас кæмæн у –
Мæнæн кæнат ныфсæвæрæн ныхас, –
Нæ хъæуы, нæ: уæддæр зындзæн йæ мæнг уд.

Нæ дæн мæсты, нæ уæ кæнын зылын,
Фæлæ зæгъут: цы пайда и уæ тыхстæй?
Мæнæн дæр искæй тыхст хæссын зын уыд,
Кæдмæ мæ мад йæ ингæнмæ ныххызти.

Ныр чи нал и, уый нал уыдзæн мæнæн, –
Æз куыд кæуон, ды дæр ку афтæ мемæ –
Фæлтау, мæ бон, ныййарæджы мæт кæн,
Æрбалæуу йе 'нцой а дзыллæты 'хсæн,
Дæ сихорыл æй абадын кæн демæ.

Ныййарæджы мæт кæн, – æз курæг дæн, –
Рæвдау æй абон, райсом дæр, иннæбон.
Кæннод куы уай зæронд æмæ æнæбон
Дæхи хæрдзынæ уæд – æлгъит-иу мæн!

Æз нал æрбадын боныгон æнцад,
Æхсæв æваст фæгæпп кæнын мæ хъæрмæ:
Цыма мæм дзуры дард ранæй мæ мад,
Йæ хъæлæс мæм æрбайхъуысы: «Мæ хъæбул!..»

Ныр мæм цæут, сæргуыбырæй лæуут,
Уæ лæудæй ц› и? – уый бафтыди æнустыл.
Фæлтау хуыздæр: уæ хæдзæрттæм цæут,
Фæдзæхсын уæ: ныййарджытыл тыхсут,
Рæвдаут сæ æрвылбон дæр, тыхсут сыл!

**ХУЫГАТЫ Сергейы тæлмац**

* * *

Фæкæсынц нæм рагмæрдтæ дардæй,
Нæ фезмæлдмæ дарынц сæ хъус –
Куы 'рлæууæм æрхуымæй, æнкъардæй
Сæ рагон цыртыты уæлхъус.

Ис бирæ фарн ивгъуыд фæлтæртæм...
У рæстæг мысинæгты зæй...
Æрцæуынц та æгæстæ мæрдтæм,
Цæмæй сын æркувой сæрæй!

Æз ме 'гъдау нæ уаин æххæстхъом,
Нæ-иу цæуин арæх ныфсгур, –
Куы разынид чъизи мæ цæсгом
Мæ мадæн йæ сурæты цур!

Уæд бон дæр, изæр дæр, æхсæв дæр –
Æз уæлмæрдтæй айсын мæхи –
Æнкъарын: фæдæн та сыгъдæгдæр,
Мæ зæрдæ дзы арфдæр фæци...

Фыдохджын фæкæуы, фæниуы, –
Ысуадзы йæ хъыгты æрхуым.
Нæ мæрдты раз аххосджын чи у,
Фæхъары йæ тæригъæд уым.

Æз бирæ бæстæтыл фæцыдтæн!
Нæ уæлмæрдты дардæй уынын:
Мæ сæнтты нæ рагон цыртытæн
Сæ галиуварс арæх лæууын!..

**ЦÆРУКЪАТЫ Алыксандры тæлмац**

Уæрæсей санитарон-эпидемиологон службæи исарæзти Бон бæрæггонд цæуй 15 сентябри.

# НÆ ХЪАЗАР ÆНСУВÆРИ ИМИСГÆЙ...

*…Когда пошли папахи в дело,*
*О счастье девушку моля,*
*В окно раскрытое влетела*
*И шляпа модная моя.*
*Р. Гамзатов*

Фæуадтæ-иу арæх ды хохмæ – Ахвахмæ,
Æппæрстай чызгайæн йæ кæртмæ дæ худ.
Ис рагæй-æрæгмæ æндæр æгъдау махмæ,–
Чызгайæн нæм къайæн нæ бæззы тæппуд!..

Æз уымæ писмотæ кæйдæрау нæ фыстон,–
Куыстон-иу йæ цæстмæ, мæ къух-иу ысзынг.
Мæ симдæй æвдыстон, мæ кафтæй æвдыстон,
Кæй уарзын нанайæн йæ рухс хуры тынг.

Ныфсджын мæ-иу кодта нæ уынджы нæ фембæлд,
Тыхджын мæ-иу кодта мæ куысты, сæрæн.
Йæ бахудт мын загъта, йæ ракаст, йæ фезмæлд,
Æнæ уый мын дарддæр кæй нал уыд цæрæн.

Цыдаин мæлæтмæ дæр уымæн йæ бæсты,–
Тæрсын мæ нæ кодтой налат дон, цæхæр.
Мæ цъæх бæхыл тахтæн лæугæйæ йæ рæзты,
Хъæбысæй хæцыдтæн йæ цæстмæ кæддæр.

Фæцæй-иу уад донæй сæхимæ изæрæй,
Йæ ведраты уымæн кæд не змæлыд дон.
«Мæ зæд дæ!» – куывтон-иу æз уымæн мæ сæрæй,
Дæ донæй мын авæр, зæгъгæ-иу дзырдтон.

Дæ рæсугъд рон мæнæ æрттывдтытæ калы...
Кæд дæ фæнды, хох дæр дæ ныфсæй хæссын.
Æрмæстдæр дын арвæй æз не ’рхæссин стъалы,–
Куы нæуал дæ фенон, æз уымæй тæрсын.

Нæ кодтон æрæджы, йæ афонæй раздæр
Нæ уадтæн. «Лæуу фидар!» – чынди мын ныхас,
Нырвыстон йæ мадмæ: «Цæрин уæм æвваххсдæр,
Фæндид мæ, куы уаин сымахæн æз сиахс».

Дзуапп райстон æз иу бон мæ хурæн йæ мадæй:
«Нæу аразгæ хъуыддаг æрмæстдæр мæнæй».
Мæ минæвар загъта мæнæн уæд æнкъардæй:
«Æвзæр у нæ хабар, – чындздзон чызг сæм нæй».

Цъæх, дам, у ырма уал, цæй, рæзын æй бауадз,
Гъе стæй уæд йæхицæн дæхæдæг фæдзур,
Дæхæдæг ын бауæнд фæндон зæгъын, марадз,
Кæннод, дам, æндæр искæй тавдзæн дæ хур.

Мæ рагон мæстытæ мæнæй рох нæма сты,
Ныгуылынæй хурæн мæ зæрдæ фæтарст.
Фæлæ скафыд иухатт зæронд лæг дæр хъазты,–
Йæ урс хызы амонд нæ кæртмæ фæраст.

Æндæр рауад йе ’гъдау Ирыстонæн рагæй,
Нæ зонын, сæ кæцы уа хуымæ хуыздæр.
Æвдисын мæ куыстæй, æвдисын хъуыддагæй,
Кæй уарзын мæ хуры ныр ноджы фылдæр.

***ХЪАЙТЫХЪТЫ Геор***

## БИРÆ КÆЙ УАРЗУТ

(РАСУЛ ГАМЗАТОВÆН)

– О, бирæ кæй уарзут, Гунибы бæрзæндтæ,
Æнæкæрон Хъаспы æвзистбарц уылæнтæ?
– Нæ хъæлдзæг, нæ зондджын Гамзатов Расулы,
Нæхи Дагестаны цæхæрцæст хъæбулы.

– О, бирæ кæй уарзут, Хунзахы дæлвæзтæ,
Сæнæфсиры хуымтæ, сæдаздзыд бæлæстæ!
– Нæ хъæлдзæг, нæ зондджын Гамзатов Расулы,
Нæхи Дагестаны зынгзæрдæ хъæбулы.

– Цæмæ-иу фæбæллыс, æгъдауджын авайраг.
Дæ сабийы узгæ; зæгъ-ма йæ, ныййарæг!
– Мæ сау лæппу басгуыхæд искуы Расулау,
Нæхи Дагестаны дзырддзæугæ хъæбулау.

– Кæмæй вæййут арфæгонд, сагсур хæххонтæ!
Кæмæй вæййут бузныг, æфсымæртæ, хотæ!



**Аци къарæ ист æрцудæй советон доги, Гæздæнти æдзард авд тугъдоней циртдзæвæни рази литературон мадзал «Уорс хъурройти» рæстæг. Разæй лæуунцæ нæ республики финсгути Цæдеси уæди сæрдар МАЛИТИ Васо, медицинон наукити доктор, профессор ХЕТÆГКАТИ Зарæ, Расул ГАМЗАТОВ, нæ республики уæди разамонæг ГАЛАЗТИ Æхсарбег.**

– Нæ хъæлдзæг, нæ зондджын Гамзатов Расулæй,
Нæхи Дагестаны æмгарджын хъæбулæй.

– Цæй тыххæй йæ уарзут, цы хорзы уын бацыд,
Æви уын æрхаста хæзнатæ йæ балцæй!
– Кæй ныл у æнувыд нæ поэт йæхæдæг,
Æнæ мах, уырны нæ, кæй уаид æрхæндæг.

– Цæй тыххæй йæ мысут уæ бонты æрттывды,
Рæгъытæ цы уадзут йæ номыл уæ куывды!
– Нæ хъыгыл, нæ циныл кæй ныффыста зарæг,
Æмæ йæ кæй зары нæ бæстæ хæларæй.

***ТЫДЖЫТЫ Юри***

* * *

## РАСУЛУ

*«...Я же склонен думать, что вначале*
*Появились люди, а поздней*
*Многие из них орлами стали,*
*А иные обратились в змей».*
*Р. Гамзатов*

Под улицы степенный гул,
Телеэкрана нудный ропот –
Поговори со мной, Расул,
Из журавлиного далека.
Хочу, чтоб снова ты восстал,
Прорвавши вечность божьим даром.
Чтоб снова ты читал Коста
Под сенью нашего хадзара.
А, может, вправду «смерть приснилась»,
Как ты писал, и ото сна
Аварской песнью пробудилась
На время стихшая струна?
Поговори со мной о дружбе,
Что выше неба вознеслась,
О том, как важен был и нужен
Поэта неумолчный глас…
Скажи, средь нашей заскорузлости
Зажжем ли снова свет во мгле?
Скажи, неужто меньше мудрости
Сегодня стало на Земле?
Вернись! Хотя бы на мгновенье.
Напомни людям силой слов,
Что отдавать негоже «змеям»
Святую родину «орлов».
И пусть сейчас в равнины, в горы,
Сквозь летний жар, через века
Прольется ливнем животворным
Расула вещая строка.

***Ирина ГУРЖИБЕКОВА***

* * *

## ПАМЯТИ РАСУЛА ГАМЗАТОВА

Первый раз я встретился с ним, когда он был гостем на юбилее известного осетинского писателя Максима Цагараева.

Взоры окружающих были устремлены на Расула Гамзатова, словно все ждали, что вот-вот он произнесет необыкновенное, историческое слово. Действительно, если Расул что-либо говорил, то это было или для всеобщего веселья, или трогало ум и сердце глубиной мысли.

Второй раз я разговаривал с поэтом во время встречи русских писателей с писателями Узбекистана, в Ташкенте, где меня принимали в Союз писателей СССР.

Я предложил Гамзатову в столице Узбекистана быть моим гостем, побывать в осетинском доме. Расул развел руками, показал на окружающих его известных писателей и деятелей культуры и сказал: «Ты же видишь: мое время расписали по секундам, водят меня за ручку, куда им хочется».

В своем выступлении Расул Гамзатов говорил о великом счастье взаимопонимания между народами.

Именно о потере этого братского взаимопонимания сожалел Расул Гамзатов во время последнего интервью перед смертью.

* * *

Осенний день. Угасли краски лета,
И горы в тучах, мрачны, как беда.
Не стало брата – мудрого поэта,
Кто мир в любви воспел, как и Цада.
Я вспомнил дни, где в братстве вы достойны,
Мой горный Ир и горный Дагестан
Желанный гость Расул был в Иристоне,
Где был Махач когда-то у Коста.
Тропой любви и верности народу
Всегда к вам, люди, шел он, как поэт.
Я брал с собой в нелегкую дорогу
Стихи Расула – старшего завет.
Куда судьба, бывало, ни забросит,
Везде друзья – улыбки, добрый взгляд.
«Ты с гор?» – «С Кавказа?» – сыпятся вопросы,
«Знаком с Расулом?
Мудрый, говорят».
С Гамзатовым, как с другом, не встречался,
Знакомым был, тому поныне рад.
С его стихами радуясь, печалясь,
Всем отвечал я смело: «Он мне брат».
Коль надо в бой, пойду под вражьи дула,
Но чувств, как он, я выразить не мог.
В них боль и радость моего аула,
Мужчин Кавказа мужественный слог.
У нас обычай почитают строго:
На празднике со старшим не садись.
Янтарь вина, чтоб выпил он из рога,
Налей ему. Коль примет, то гордись.
Расула мудрость выше всех отличий,
Ему я мог, как младший, услужить,
И слева встать, как требует обычай, –
Умел к сердцам тропу он проложить.
И вот не стало мудрого поэта,
В горах приглушен говор родника,
В осенний день угасли краски лета,
Но в песню жизнь вдохнул он на века.

***Асланбек БРИТАЕВ***

**Финддæс æма дууинсæй анзей размæ (1968 анзи 9 сентябри) Дзæуæгигъæуи игонгонд æрцудæй номдзуд болгайраг паддзахадон архайæг Георгий Димитровæн – е адтæй, кæддæр æнсувæреуæг ци болгайраг сахар Кырджалий хæццæ кодтан, уой лæвар.**

***Расул ГАМЗАТОВ: «Литературон институти ахургæнгæй нæмæ фиццаг къурси адтæй 20 поэти, 4 прозаики æма еу драматург æма еу критик. Æртиккаг къурси – 8 поэти, 10 прозаики, еу драматург æма 6 критики. Фæндзæймаг къурси кæронмæ ба – еу поэт, еу прозаик, еу драматург, иннетæ ба еугурæйдæр – критиктæ...»***

## НÆДТÆБÆЛ ЦÆУНИ ÆДАСДЗИЙНАДИ ФАРСТАТÆ



# ЛÆДÆРГÆ АДÆЙМАГ ФИДБИЛИЗÆЙ ÆДАС УОДЗÆНÆЙ...

Раст сентябри фиццаг бон Дзæуæгигъæуæй Беслæнмæ надбæл цæугæй, транспортон фæрæзнæ «Опель Астрæ»-йи æскъæрæг нæдтæбæл цæуни æгъдау гурумухъæй ке фехалдта, уой фудæй фидбилиз исаразта, кæцими æхе хæццæ ма бахаудтæнцæ уæзласæн фургон æма æртæ рæуæг хуæдтолги. Хуарз æма си фудбæлах не 'рцудæй...

Иннæ хабар. Аци анзи августæй 31 августмæ нæ республики Паддзахадон инспекций косгутæ исбæрæг кодтонцæ нæдтæбæл цæуни 3504 æгъдауихæлди. Уонæй 112 цауи хуæдтолгæскъæргутæ адтæнцæ кенæ ниуæзтгун, кенæ ба нæ бакумдтонцæ дохтирмæ бацæуун сæ ниуæзти бæрцæ исбæрæг кæнуни туххæй.

Фудгинтæ дæтдзæнæнцæ дзуапп административон бæрнондзийнади хузи, сæ гъуддæгутæ син рарвистонцæ тæрхондонæмæ.

Карз æфхуæрд баййафдзæнæнцæ. Дууæ анзей дæргъи син барæ нæ уодзæнæй хуæдтолгæ æскъæрунæн, уæдта ма ивар бафеддзæнæнцæ 30 мин соми.

Дуккаг хатт хуæдтолгæбæл ниуæзтгунæй ке бауорæдтонцæ, еци 19 адæймагей туххæй ба байгон кодтонцæ уголовон гъуддæгутæ. Уонæн рахæсдзæнæнцæ никки карздæр тæрхон – æртæ анзи ахæстдони фæббадун.

Хуæдтолгæ æскъæрунæн барæ ци документ дæттуй, уæхæн сæмæ ке нæ разиндтæй, уой туххæй административон æгъдауæй дзуапп дæтдзæнæнцæ фараст æма дууинсæй адæймаги.

Евгъуд къуæрей Цæгат Иристони 'рцудæй æхсæрдæс фæндагон фидбилизи, гъигæдард си байййафтонцæ дууæ æма инсæй адæймаги.

Кæд айдагъдæр дууæ хабарей кой ракодтан, уæддæр, æвæдзи, уæхæн бон нæ фæууй, æма республики, куд цæрæн рауæнти, уотæ уони 'хсæн нæдтæбæл циуавæрдæр фидбилизтæ не 'рцæуй, гъулæггагæн, хуæдтолгити бадгутæй си кадæртæ дæр фæммард унцæ.

Æма еци уавæр нин хъæбæр сагъæссаг куд нæ уа, уæлдайдæр ба уомæ гæсгæ æма си уæззау æверхъаудзийнæдтæ рауайуй, бастъæлуй си адæм, бахаунцæ сувæллæнттæ дæр.

Нæ еугур дæр æй уинæн, нури рæстæги хуæдтолгити бæрцæ уоййасæбæл исберæ 'й, æма нæ цæрæн рауæнти гъæунгти дæр æма уонæй еуварс нæдтæбæл дæр æдасæй рацæун хъæбæр истæссаг æй. Нæдтæ еудадзуг бæргæ хуæздæргонд цæунцæ, фал уой фæдбæл цийнæдзийнадæ хъонцмæ разелуй. Уомæн æма нæхе хуарзæн пайда кæнун кенæ нæ арæхсæн, кенæ ба уобæл архайгæ дæр нæ кæнæн. Æма куд хуæдтолгитæскъæргутæй, уотæ фестæгæй цæуæг адæмæй дæр беретæмæ нæдтæбæл цæуни æдасдзийнади фæткитæ нимади дæр нæ 'нцæ. Уобæл цæйбæрцæ дзурдæуй, фал гъуддаг ба хуæздæр нæ, фал фуддæрæй-фуддæр кæнуй... «Аци уавæрæн æвæстеуатæй кæрон искæнун гъæуй!..» – уæхæн адтæй, æрæги нæ республики Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг **Томайти Ирбег** ци æмбурд исаразта, уоми дзубандий сæйраг хатдзæг. Дзубанди ба си цудæй нæ республики нæдтæбæл цæуни æдасдзийнадæ исхузæнон кæнуни туххæй æнæмæнгæ райаразуйнаг мадзæлтти фæдбæл.

Томайти Ирбег æмбурди архайгутæн байхæс кодта, цæмæй нæдтæбæл цæуни æгъдæуттæ æма фæткити фæдбæл профилактикон куст æнхæст кæнунæй ихæсгин ка 'й, етæ уой фæккарздæр æма фæййахедгæдæр кæнонцæ. Куд загъта, уотемæй архайун гъæуй адæми хæццæ сæ цæрæн рауæнти, уæдта дзиллон хабархæссæг фæрæзнити гæнæнтæй парахатдæрæй пайда кæнун:

– Мах гъæуама абони адæми 'хсæн фулдæр косæн. Сæ хæццæ дзубанди кæнун гъæуй хуæдтолгитæ тагъд æма гурумухъ æскъæруни фæстеугути туххæй. Ахиддæр аразун гъæуй нæдтæбæл цæуни æдасдзийнади паддзахадон инспекций косгути еумæйаг рейдтæ, уой дæр хецауади æма æхсæнади минæвæртти хæццæ, дзиллон хабархæссæг фæрæзнитæ, адæмон æма студентон дружинити агъазæй пайда кæнгæй. Граждæнти разæнгард кæнун гъæуй, цæмæй закъони сæрти ма хезонцæ, цæмæй æй лæдæронцæ, е сæхе хуарзæн ке æй, лæдæрд син уа, уотемæй нæдтæбæл фудбæлæхти нимæдзæ минкъийдæр ке кæндзæнæй, е.

Ахури нæуæг анз ке райдæдта, уомæ гæсгæ æнæмæнгæ æнхæсткæнуйнаг гъуддагбæл нимад æрцудæй е дæр, цæмæй ахуради оргæнтæ Паддзахадон инспекций хæццæ æмгуст кæнгæй, ахурдзаутæн гъæунги, фæндагон фидбилизи ма бахауни туххæй хе куд дарун гъæуй, уони лæдæрун кæнун.

Сувæллæнтти гъæуай кæнун гъæуй уæхæн фидбилизтæй, е ба кæнгæ 'й, фиццагидæр, ниййергутæй. Уой фæдбæл дзоргæй, Томай-фурт загъта:

– Етæ син гъæуама лæмбунæг лæдæрун кæнонцæ нæдтæбæл хе даруни уагæвæрд, талингæ рæстæги сæ уæледарæсбæл гъæуама уа рохсгæнæг нисантæ.

Æмбурди ма ци ахсгиаг фарстати фæдбæл цудæй дзубанди, уонæй еу адтæй, нæ бæсти æндæр рауæнтæй рабалци кæнæг уæзæгтæласæг транспортæй мах республикæмæ ка исхъæртуй, æма æ идарддæри цуд лæдæрд уавæртæмæ гæсгæ рæстæгмæ къулумпигонд кæмæн æрцæуй, æма ами лæугæ кæмæн рауайуй, уонæн сæрмагонд æрлæууæн бунæттæ куд арæзт цæунцæ республики еугур рауæнти дæр, уобæл.

Æмбурди кæронбæттæни Томай-фурт загъта:

– Еугур мадзæлттæй дæр архайун гъæуй, цæмæй нæ республики нæдтæбæл фидбилизти бæрцæ минкъийæй-минкъиййдæр кæнонцæ, цæмæй адæм æстæнæй-æстæндæр фидбилизти хауонцæ.

Бæргæ хуарз уидæ, æма е ба махæн нæ еугуремæй дæр аразгæ 'й. Хумæтæги нæ фæззæгъунцæ: «Лæдæргæ адæймаг фидбилизæй æдас уодзæнæй...»

***ХЕКЪИЛАТИ Маринæ***

## РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



**Фарстатæн се 'мбесæй фулдæребæл раст дзуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундгиндзийнадæ цæйбæрцæбæл бæрзонддæр æй.**

**1. Нæ бауæри кæми равзуруй креатинин?**
а) Игæри, **б)** Хæцъæфти, **в)** Ургти

**2. Бæлвурдæй циуавæр урунгонти ахур кæнуй уæлдай сæрмагонд наукæ одонатологи, кæци æхуæдæг æй æндæр науки – энтомологий хайгонд?**
**а)** Мулдзугути, **б)** Майрæникæркити, **в)** Цъирцъирæгти

**3. Сæдæ анзей бæрци размæ «Шляпити туххæй закъон» циуавæр паддзахæдти ист æрцудæй?**
**а)** Афганистани, **б)** Турки, **в)** Бразилий

**4. Мæскуй Олимпиадæмæ арæзт ка 'рцудæй, еци универсалон спортивон зал куд хуннуй?**
**а)** «Ехин куб», **б)** «Айсберг», **в)** «Хæлардзийнадæ»

**5. Юрий Олеши аргъæуттæй еу архайæги ном æй Раздватрис. Е галауани косуй ахургæнæгæй. Цæбæл æй ахургæнæг?**
**а)** Кафунбæл, **б)** Историбæл, **в)** Химибæл

**6. «Карнавальная ночь», зæгъгæ, игъустгонд советон кинониви номдзуд артист ци бюрократ Огурцови сорæт исаразта, е фæстæдæр бабæй ци еума кинониви фæззиндтæй (нæкæси, архайдтонцæ си номдзуд артисттæ Николай Рыбников æма Аллæ Ларионова), куд хундтæй?**
**а)** «Зонгæ уæн», **б)** «Рагон зонгæ», **в)** «Хуæрззæрдæ зонгæ»

**7. Кинематографий агъазиау æнтæстдзийнæдти туххæй Китайи ке дæттунцæ, еци премè куд хуннуй?**
**а)** «Сугъзæрийнæ уасæнгæ», **б)** «Æвзестæ Буддæ», **в)** «Æрхи пагодæ» (буддаг дини азгъунст)

**8. Шотландийæй рацæуæг уæрæсейаг балхон Александр Леслийæн Уæрæсей еугурей разæй циуавæр æфсæддон цин исаккаг кодтонцæ?**
**а)** Маршæл, **б)** Инæлар, **в)** Генералиссимус

* * *

**Раст дзуæппитæ нæ газети 31-аг номери мухургонд фарстатæн.**

**1.** Фредерик Жолио Кюри. **2.** Евфимий Путятин. **3.** Египеттæгтæ æма хеттæ. **4.** Фæкъкъæдзæгонд едуг. **5.** Йод. **6.** Михаил Водопьянов. **7.** Тæбæхсæути Бало. **8.** 1920. **9.** Дууæ.

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**ГАЗЕТ 2023 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 344 СОМИ 52 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 305 СОМИ 64 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР**

Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг. Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00. **E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru. **Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.** Рафинсуни индекс: **73946.** Тираж **650**. Заказ **№ 1969**. Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 08.09.2023. Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 08.09.2023.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций арæзийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е. Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рвæтæн. Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**